

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran nulis dina basa Sunda kawilang loba, salasihijina nyaéta révészni. Nurutkeun Nurudin (2009), révészni miboga maksud pikeun ngainformasikeun eusi buku, karya sastra atawa seni sangkan dipikawanoh ku masarakat. Utamana dina pangajaran basa Sunda geus teu ilahar nu ngarészni karya sastra atawa seni.

Béda halna jeung nu ditepikeun ku Samad (1997) anu nyebutkeun yén révészni téh mangrupa kagiatan ngajén atawa meunteun buku. Meunteun miboga harti méré sawangan, tinimbangan, kritik, jeung nuduhkeun kaonjoyan jeung kahéngkérán buku kalawan tanggung jawab. Tanggung jawab di dieu hartina, ngajukeun dasar-dasar atawa sawangan nu dideudeulan ku data nu ngayakinkeun dumasar cutatan-cutatan nu bener jeung *relevan*. Sabenerna widang garapan révészni kawilang jembar. Lamun diklasifikasikeun, aya tilu widang garapan révészni, nyaéta (a) buku, boh fiksi boh non fiksi; (b) pagelaran seni, saperti pilem, sinétron, tari, drama, musik, atawa kasét; (c) paméran seni, boh seni lukis boh seni patung. Jadi lain ukur buku hungkul anu bisa dirészni, tapi karya-karya anu ngawengku unsur seni ogé bisa dirészni saperti pilem, boh pilem layar lebar boh pilem pondok.

Di masarakat Sunda kiwari geus réa nu nyieun pilem, ku sabab pilem mangrupa salasihiji sarana pikeun hiburan, édukasi, ogé pangajaran. Salasihiji conto pilem anu bisa dipaké pikeun sarana pangajaran nyaéta pilem pondok, hususna pangajaran ngarészni. Pilem pondok mangrupa salasihiji karya sastra nu bisa dirészni ku cara ngajén eusi éta pilem. Pilem pondok ceuk Setiono & Riwinoto (2015) nurutkeun standar festival internasional nyaéta pilem nu durasina pondok antara 1 – 30 menit,. Pilem pondok bisa ogé durasina ngan 60 detik, nu penting ide jeung média komunikasina bisa lumangsung sacara éféktif. Ku sabab kitu, durasi pilem pondok téh bisa disaluyukeun jeung alokasi waktu dina pangajaran révészni.

Pangajaran nulis résénsi téh nyampak di SMA/SMK/MA kelas XII. Luyu jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA (Tim pengembang Kurikulum Muatan Lokal, 2017) dina Kompetensi Dasar *3.3 Menganalisis isi, pola penyajian, dan aspek kebahasaan teks resensi (buku, film, musik, pertunjukan). 4.3 Menulis resensi (buku, film, musik, pertunjukan) dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan.* Ayana pangajaran nulis résénsi siswa dipiharep bisa nulis résénsi saluyu jeung udagan nu rék dihontal.

Dumasar hasil wawancara nu geus dilakukeun ka guru basa Sunda kelas XII di SMA Negeri 15 Bandung, bangbaluh nu karandapan dina pangajaran basa Sunda nya éta kurangna kamampuh siswa dina kaparigelan maca, nyarita, jeung nulis. Salasahiji bangbaluh dina kaparigelan nulis nya éta nulis résénsi. Siswa can parigel dina milih diksi nu merenah jeung can bisa ngagunakeun éjahan kalawan bener lantaran siswa kurang wanoh kana kekecapan basa Sunda. Ku sabab kurangna ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé.

Nurutkeun panalungtikan nu dilaksanakeun ku Ninik (2006), pasualan anu karandapan dina nulis résénsi nyaéta siswa acan mampuh pikeun mekarkeun ide, gagasan, pikiran, perasaan, jeung informasi dina wangun résénsi buku atikan. Loba siswa nu nulis ide nu teu runtut. Sangkan ngirut siswa dina pangajaran résénsi, ogé nilik kana tinimbangan di luhur, modél pangajaran miboga peranan kawilang penting pikeun ngarojong kana prosés pangajaran.

Mahmud & Hartono (2014) nétélakeun yén kurang saluyuna modél pangajaran nu dilarapkeun ku guru bisa ngabalukarkeun héngkérna tingkat préstasi siswa. Ku sabab éta, modél pangajaran anu digunakeun ku guru kudu ngarojong kana prosés pangajaran. Guru ogé kudu parigel dina ngawasa kelas nalika nepikeun bahan ajar, guru diperedih kudu bisa nepikeun bahan ku cara nyieun kaayaan kelas anu matak pibetaheun siswa. Saluyu jeung pamadegan Yusuf & Wulan (2015) anu nyebutkeun yén guru jadi palaku utama dina ngalarapkeun atawa dilarapkeunna program pendidikan di sakola jeung miboga peran anu stratégis dina ngahontal tujuan pendidikan anu dipiharep. Ku ayana kondisi éta nyieun siswa jadi ngarasa betah jeung sumanget dina diajar. Dina ieu pasualan guru kudu bisa ngagunakeun modél pangajaran anu *variatif* nyieun

kaayaan kelas jadi leuwih hirup, dinamis tur teu monoton. Ku sabab éta kudu ayana tarékah pikeun ngungkulan pasualan nu karandapan, Merintika (2021) nétélakeun salasihiji tarékah pikeun ngaronjatkeun hasil diajar jeung kaaktifan peserta didik nyaéta ku cara ngalarapkeun sababaraha modél pangajaran kooperatif, salasihijina téh nyaéta modél pangajaran kooperatif *Group Investigation*.

Dina pangajaran kooperatif, *Group Investigation* mangrupa salasihiji modél kompléks dina prosés larapna, ti mimiti tahap ngararancang, tahap nangtukeun topik, nepi ka tahap invéstigasi nu kudu ngalibetkeun siswa (Ayuwanti, 2017). Nurutkeun Octavia (2009), modél pangajaran *Group Investigation* mangrupa métode pangajaran ku cara siswa diajar sacara kelompok, kelompok diajar dumasar topik nu dipilih siswa. Dina pangajaran *Group Investigation* siswa dibagi jadi sababaraha kelompok nu anggotana 2-6 urang siswa. Tapi, modél pangajaran tipe *Group Investigation* ogé bisa dipaké guru pikeun mekarkeun kréativitas siswa, boh sacara mandiri, boh kelompok (Rusman, 2011). Ku kituna, ieu modél pangajaran téh bisa dijadikeun alat pikeun ngajarkeun nulis ka siswa.

Saméméhna aya sababaraha panalungtikan nu geus dilakukeun, di antarana nu dilakukeun Indah (2018) nu judulna “Modél *Group Investigation* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Éxpérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 7 SMA Negeri 3 Cimahi Taun Ajar 2017/2018)” éta panalungtikan nyindekkeun yén modél *Group Investigation* mampuh ngaronjatkeun pangajaran nulis sisindiran . Kabuktian ku peunteun rata-rata sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation* nyaéta (83,29) tina KKM 72, anu hartina geus leuwih tina KKM. Tina éta panalungtikan katitén yén modél *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun hasil pangajaran.

Panalungtikan saméméhna anu ngagunakeun matéri résénsi nyaéta Pamungkas, Ginanjar (2013) kalawan judul “Modél *Mind Mapping* dina Pangajaran Nulis Résénsi Novél (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 2 SMA Laboratorium (Percontohan) UPI Taun Ajaran 2012/2013)”. Ieu panalungtikan nu geus dilaksanakeun yén modél *Mind Mapping* mampuh ngaronjatkeun pangajaran nulis résénsi. Ieu panalungtikan meunangkeun hasil nu

nyugemakeun atawa geus ngahontal KKM anu geus ditangtukeun nyaéta rata-rata peunteunna (67,19). Tina pedaran di luhur hasil pangajaran nulis résénsi téh ngaronjat ku cara make modél *Mind Mapping*.

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngungkulan masalah nu aya di antara para siswa. Héngkérna kamampuh nulis siswa jadi cukang lantaran, ku kituna kudu dironjatkeun kalawan maké modél pangajaran nu saluyu jeung pasualan nu karandapan sangkan leuwih ngirut deui siswa dina minat nulis.

Anapon sasaruuan ieu panalungtikan jeung anu geus dilaksanakeun ku panalungtik séjén nyaéta medar jeung maluruh ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran nulis, ngan anu ngabédakeun nyaéta materi ajar jeung sumber data anu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan leuwih nalungtik modél pangajaran *Group Investigation* dina nulis résénsi pilem pondok.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh ngeunaan modél pangajaran anu éféktif dina ngaronjatkeun prosés diajar nulis résénsi pilem. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun métodeu jeung stratégi pangajaran pikeun ngungkulan masalah-masalah akademis. Sabab éfék salahna milih modél pangajaran ngabalukarkeun matéri anu baris didadarkeun ka siswa jadi teu éféktif jeung éfisién. Ku kituna, panalungtikan kalawan judul “Modél Pangajaran *Group Investigation* dina Pangajaran Nulis Résénsi Pilem Pondok (Panalungtikan Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun ajaran 2021/2022)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha pasualan anu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan, di antarana :

- a. kamampuh siswa dina nulis résénsi masih kénéh asor;
- b. résénsi pilem kawilang acan ilahar dikalangan siswa; sarta
- c. modél pangajaran anu kurang ngirut siswa pikeun diajar. Ngabalukarkeun, siswa pasif jeung teu aya motivasi dina diajar résénsi.

Sangkan pasualan anu diidéntifikasi di luhur leuwih babari dipaluruh, dina ieu panalungtikan dirumuskeun sababaraha kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis résénsi pilem pondok saméméh ngagunakeun model pangajaran *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung?
- b. Kumaha kamampuh nulis résénsi pilem pondok sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung?
- c. Naha aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis résénsi pilem pondok siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*?
- d. Aspék-aspek naon waé nu ngaronjat dina pangajaran nulis résénsi pilem pondok ngagunakeun modél *Group Investigation*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta aya tujuan umum jeung tujuan husus, saperti ieu di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho pangaruh modél pangajaran *Group Investigation* kana kamampuh siswa nu dilarapkeun ka pangajaran nulis résénsi pilem pondok, nganalisis unsur-unsur anu aya dina résénsi, boh strukturna boh kabahasaanna nu saluyu dina résénsi.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun :

- a. ngadéskripsikeun kamampuh nulis résénsi pilem pondok saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung;
- b. ngadéskripsikeun kamampuh nulis résénsi pilem pondok sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung;

- c. uji bédana kamampuh nulis révéni pilem pondok sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung; sarta
- d. nganalisis aspék-aspék naon waé nu ngaronjat dina pangajaran nulis révéni pilem ngagunakeun modél *Group Investigation*.

#### **1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan**

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun mekarkeun atawa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran Basa Sunda hususna dina nulis révéni buku ngaliwatan modél pangajaran nu éféktif.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat praktis anu bisa dihontal pikeun panulis ogé masarakat, saperti ieu di handap.

###### **a. Pikeun siswa**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun minat jeung bakat siswa kana pangajaran basa Sunda, hususna dina pangajaran nulis révéni pilem pondok.

###### **b. Pikeun guru**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi dina pangajaran nulis révéni sangkan bisa nyieun suasana diajar jadi leuwih ngirut pikeun para siswa.

###### **c. Pikeun panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina nulis révéni pilem pondok ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun kalawan sistematis sarta diwangun jadi lima bab, nyaéta BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, jeung BAB V.

BAB I Bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung husus, mangpaat/signifikansi panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésisna. Dina ulikan pustaka anu eusina ngeunaan pangajaran *Group Investigation* ngawengku wangenan, ciri-ciri modél pangajaran, rumpun modél pangajaran, konsép dasar modél *Group Investigation*, léngkah-léngkah, kaonjoyan jeung kahéngkéran. Nulis résénsi pilem pondok, anu eusina medar wangenan nulis, tujuan nulis, mangpaat nulis. Tiori ngeunaan résénsi anu ngaguar wangenan résénsi, métode résénsi, wangenan résénsi pilem, nulis résénsi, langkah-langkah ngarésénsi pilem pondok. Pangajaran nulis résénsi, sarta modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran nulis résénsi.

BAB III Métode panalungtikan, anu eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik analisis data ngaguar uji sipat jeung uji hipotésis data.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran résénsi nu ngawengku kamampuh nulis résénsi siswa saméméh maké modél *Group Investigation*, kamampuh nulis résénsi siswa sanggeus maké modél *Group Investigation*, bédana antara kamampuh nulis résénsi siswa saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél *Group Investigation*, aspék-aspék anu ngaronjat dina pangajaran nulis résénsi pilem pondok sanggeus ngagunakeun modél *Group Investigation* siswa kelas XII MIPA 7 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2021/2022.

BAB V Kacindekan, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.